



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen yo, dòz rapèl yo, tès ak tretman an

Yo te rapòte 19 lanmò nan tout eta a yè

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Pandan n ap kontinye konbat pandemi sa a, Nouyòkè yo te entelijan, te veve youn sou lòt, epi yo te pran mezi apwopriye pou pwoteje tèt yo ak vwazen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pran vaksen ak dòz rapèl yo rete pi bon posiblité pou nou pwoteje tèt nou ak lòt Nouyòkè yo, epi mwen ankouraje tout moun ki elijib pou yo pran dòz rapèl COVID-19 ki ajou a. Pandan n ap antre nan otòn nan, fè tès anvan rasanbleman oswa anvan w vwayaje epi si ou teste pozitif, pale ak doktè ou sou opsyon tretman potansyèl yo".

Nan kòmansman semèn sa a, Gouvènè Hochul te anonse dòz rapèl bivalan COVID-19 yo disponib kounye a nan Pfizer-BioNTech pou nenpòt moun ki gen 12 ane oswa plis ak nan Moderna pou moun ki gen 18 ane oswa plis. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse kounye ke mete mask pral fakiltatif nan plizyè anviwònman kote yo te obligatwa anvan, tankou nan transpò piblik, nan machin transpò pataje, nan ayewopò,abri pou sanzabri, enstalasyon koreksyonèl, ak sant detansyon yo. Yo kontinye egzije mask yo nan etablisman swen pou granmoun ak etablisman swen sante ki reglemante pa Depatman Sante (Department of Health, DOH) eta a, ak nan anviwònman klinik ki reglemante pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH), Biwo pou Sèvis ak Sipò Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS), Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanmantal (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD).

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 20.98
- **Kantite Ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 17.28
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 57,849
- **Total Pozitif** - 4,100
- **Pousantaj Pozitif** - 6.86%**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 5.95%**
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,199 (-26)
- **Pasyan ki Fèk Entène** - 378
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 229 (-6)
- **Pasyan nan ICU avèk Entibasyon** - 85 (-3)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 339,213 (+341)
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 19
- **Kantite ka lanmò total etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 57,771

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

Nòt Enpòtan: Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Total ka lanmò CDC a rapòte epi konpile** - 73,818

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

REJYON	Lendi 5 septanm 2022	Madi 6 septanm 2022	Mèkredi 7 septanm 2022
Capital Region	16.43	15.50	14.58

Central New York	17.00	16.21	16.06
Finger Lakes	11.40	10.91	10.26
Long Island	22.46	22.19	21.86
Mid-Hudson	17.44	17.04	16.00
Mohawk Valley	18.13	17.19	17.40
New York City	19.54	18.79	18.14
North Country	15.31	13.84	14.01
Southern Tier	20.49	19.16	17.81
Western New York	16.04	14.80	14.36
Nan tout Eta a	18.60	17.89	17.28

Pousantaj rezilta tèz pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

Rejyon	Lendi 5 septanm 2022	Madi 6 septanm 2022	Mèkredi 7 septanm 2022
Capital Region	9.48%	9.16%	9.13%
Central New York	9.22%	9.26%	9.38%
Finger Lakes	7.37%	7.35%	7.31%
Long Island	8.07%	8.22%	8.20%
Mid-Hudson	3.65%	4.05%	3.93%
Mohawk Valley	11.91%	12.04%	12.32%
New York City	4.48%	4.84%	4.86%
North Country	9.29%	8.90%	9.07%
Southern Tier	9.62%	9.96%	9.37%
Western New York	12.23%	12.16%	12.27%
Nan tout Eta a	5.62%	5.95%	5.95%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèz la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

Minisipalite nan NYC	Lendi 5 septanm 2022	Madi 6 septanm 2022	Mèkredi 7 septanm 2022
-----------------------------	-----------------------------	----------------------------	-------------------------------

Bronx	6.10%	6.19%	6.12%
Kings	2.78%	3.34%	3.35%
New York	4.76%	4.75%	4.89%
Queens	7.10%	7.13%	7.07%
Richmond	6.18%	6.21%	6.01%

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Yè, te gen 4,100 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 5,949,086. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	71,607	47
Allegany	9,954	8
Broome	53,266	41
Cattaraugus	17,759	27
Cayuga	18,585	17
Chautauqua	27,136	27
Chemung	24,321	19
Chenango	10,785	13
Clinton	20,229	18
Columbia	12,299	8
Cortland	12,167	10
Delaware	9,224	5
Dutchess	75,836	50
Erie	248,041	182
Essex	6,887	8
Franklin	10,984	7
Fulton	14,895	17
Genesee	15,284	6
Greene	9,963	4
Hamilton	998	-
Herkimer	16,057	14
Jefferson	23,909	35
Lewis	6,828	8
Livingston	13,233	12
Madison	15,368	13
Monroe	176,669	71
Montgomery	13,700	16
Nassau	489,943	427
Niagara	55,354	29

NYC	2,770,401	1,789
Oneida	63,085	68
Onondaga	131,101	100
Ontario	23,575	7
Orange	124,683	75
Orleans	9,720	4
Oswego	31,136	35
Otsego	12,088	9
Putnam	28,173	18
Rensselaer	38,061	28
Rockland	107,327	64
Saratoga	56,060	45
Schenectady	39,791	22
Schoharie	5,946	3
Schuyler	4,015	3
Seneca	6,885	6
St. Lawrence	24,293	13
Steuben	23,130	21
Suffolk	505,700	368
Sullivan	21,862	15
Tioga	12,742	13
Tompkins	24,169	25
Ulster	38,312	32
Warren	16,850	9
Washington	14,268	16
Wayne	19,920	16
Westchester	301,197	151
Wyoming	9,302	3
Yates	4,013	3

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admèt akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
--------	-------------------------------------	--	---	---	--

Capital Region	96	58	60.4%	38	39.6%
Central New York	78	40	51.3%	38	48.7%
Finger Lakes	165	57	34.5%	108	65.5%
Long Island	407	170	41.8%	237	58.2%
Mid-Hudson	268	90	33.6%	178	66.4%
Mohawk Valley	65	33	50.8%	32	49.2%
New York City	866	344	39.7%	522	60.3%
North Country	35	23	65.7%	12	34.3%
Southern Tier	85	32	37.6%	53	62.4%
Western New York	134	57	42.5%	77	57.5%
Nan tout Eta a	2,199	904	41.1%	1,295	58.9%

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: ([Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](#)).

Yè, te gen 19 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 57,771. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	2
Clinton	1
Dutchess	1
Erie	1
Kings	3
Nassau	1
Queens	3
Richmond	2
Suffolk	3
Westchester	2

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite vaccines.gov, voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

REMAKE: Apati 24 jen 2022, done sou vaksen an pral mete ajou chak semèn nan vandredi yo pou yo an akò ak kalandriye aktyalizasyon done ke CDC mete ajou yo. Pou w jwenn enfòmasyon adisyonèl sou Done Vaksinasyon COVID-19 ke CDC a founi, gade https://covid.cdc.gov/covid-data-tracker/#vaccinations_vacc-total-admin-rate-total.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418